

Kisa dislekski ye?

Otè a se Ekip Understood la

Nou fè patenaraya ak Understood.org pou nou founi edikatè ak fanmi yo resous ke ekspè verifiye e ki fonde sou done ki pwouve konsènan diferans ki genyen nan aprantisaj.

Dislekski se yon twoub aprantisaj nan lekti. Moun ki gen dislekski gen pwoblèm pou li nan yon rit nòmal ak san yo pa fè erè. Yo ka gen difikilte tou ak konpreyansyon lekti, òtograf, ak ekriti. Men, difikilte sa yo pa yon pwoblèm entèlijans.

Apèsi: Sa dislekski ye

Dislekski se yon pwoblèm komen ki rann travay ak langaj difisil. Gen kèk ekspè ki kwè ke ant 5 ak 10 pousan moun genyen li. Gen lòt ki di ke 17 pousan nan moun montre siy pwoblèm nan lekti.

Dislekski a pa disparèt kay moun. Men, gen apwòch ak estrateji ansèyman ki ka ede yo amelyore kapasite lekti yo epi fè fas ak difikilte yo. Moun nenpòt laj ka fè tès pou dislekski, byenke tès granmoun yo pa menm ak pa timoun yo.

Moun ki gen dislekski anjeneral gen pwoblèm **pou li byen**. Yo souvan li dousman epi yo fè erè. Sa ka afekte jan yo konprann sa y ap li a. Men, lè lòt moun li pou yo, souvan yo pa gen pwoblèm pou konprann tèks la.

Dislekski ka kreye difikilte ak lòt konpetans tou. Difikilte sa yo ka se:

- Konpreyansyon lekti
- Òtograf
- Ekriti
- Matematik

Pafwa moun kwè disleksi se yon **pwobl vizyon**. Pou yo se tankou **lè w ranvèse lèt yo oswa lè w ekri alanvè**. Men, disleksi se yon pwoblèm langaj.

Li enpòtan pou konnen ke pandan ke disleksi gen enpak sou aprantisaj, li pa yon pwoblèm entelijans. Moun ki gen disleksi yo entelijan menm jan ak kanmarad yo. Gen yon pil ak yon pakèt istwa sou moun k ap pwospere e ki gen disleksi, tankou **aktè, antreprenè, ak ofisyèl eli**.

- Gade yon videyo pou **wè disleksi atravè je yon timoun**.
- Demistifye **mit komen sou disleksi yo**.
- Eksplòre yon koleksyon **istwa sou disleksi ki gen siksè**.

Siy ak sentòm disleksi

Disleksi afekte moun nan diferan fason. Kidonk, sentòm yo ka pa sanble de yon moun a yon lòt.

Yon siy kle pou disleksi se pwoblèm **pou dekode mo yo**. Sa se kapasite pou fè lèt yo koresponn ak son yo. Timoun yo ka gen pwoblèm tou ak yon lòt konpetans ki pi fondamantal yo rele **konsyans fonemik**. Li se kapasite pou rekonèt son yo nan mo yo. Pwoblèm ak konsyans fonemik ka parèt depi nan lekòl matènèl.

Nan kèk moun, yo vin detekte disleksi a jouk nan ta, lè yo gen pwoblèm ak konpetans ki pi konplèks yo. Sa yo ka se gramè, konpreyansyon lekti, metriz lekti, estrikti fraz, ak ekriti ki pi detaye.

Gen kèk nan siy disleksi yo ki gen rapò ak emosyon ak konpòtman. Moun ki gen disleksi ka evite fè lekti, byen fò oswa pou tèt yo. Yo ka menm vin gen anksyete oswa yo fristre lè y ap li. Sa ka rive menm apre yo fin metrize eleman debaz nan lekti yo.

Disleksi pa sèlman afekte aprantisaj. Li kapab afekte tou **konpetans ak aktivite jounalye yo**. Ladan yo genyen entèraksyon sosyal, memwa, ak jere estrès.

- Aprann plis sou **siy disleksi nan timoun nan diferan laj**.
- Pou fanmi yo: Tande yon ekspè k ap eksplike **kijan pou w chwazi liv pou timoun ki gen difikilte pou li**.
- Pou edikatè: Aprann sou **alfabetizasyon estriktire** epi jwenn **strateji pou anseye lekti**.

Kòz posib pou disleksi

Chèchè yo poko idantifye egzakteman sa ki lakòz disleksi. Men, yo konnen ke jèn ak diferans nan sèvo jwe yon wòl. Men kèk kòz posib pou disleksi:

Jèn ak ereditè: Souvan disleksi **ka prezan nan plizyè jenerasyon yon fanmi**. Apeprè 40 pousan nan frè ak sè moun ki gen disleksi gen difikilte tou ak lekti. Jiska 49 pousan nan paran timoun ki gen disleksi genyen li tou. Syantis yo te jwenn tou jèn ki lye ak pwoblèm nan fè lekti ak nan tretman langaj.

Anatomi ak aktivite sèvo a: **Etid sou imajri sèvo yo** montre diferans nan sèvo ant moun ki genyen disleksi ak moun ki pa genyen l. Diferans sa yo rive nan zòn nan sèvo a ki enplike nan konpetans kle pou lekti. Konpetans sa yo se konnen kijan son yo reprezante nan mo yo, epi rekonèt ak kisa mo ekri yo sanble.

Men, sèvo a ka chanje. Etid yo montre ke aktivite sèvo nan moun ki gen disleksi chanje apre yo fin resevwa bon enstriksyon oswa leson patikilye. E syantis yo ap aprann plis toujou tout tan.

- Gade yon videyo sou **disleksi ak sèvo a**.
- Gade **kijan lekti chanje sèvo a**.
- Voye je sou yon **jounen nan lavi yon adolesan ki gen disleksi**.

Kijan yo dyagnostike disleksi

Sèl fason pou sèten si yon moun gen disleksi se atravè yon evalyasyon konplè, ke yo fè **swa nan lekòl la oswa an prive**.

Lè gen yon dyagnostik (lekòl yo rele li yon *idantifikasyon*) sa ka fè w jwenn **sipò ak sèvis** nan lekòl la, ak akomodasyon nan kolèj ak nan travay.

Gen kèk tip pwofesyonèl ki ka evalye moun pou disleksi. Ladan yo genyen sikològ lekòl yo, sikològ klinik, ak **newosikològ yo**. Yon evalyatè pral administre yon seri **tès pou disleksi**. Yo pral teste nan lòt domèn yo tou pou wè egzakteman ki kote feblès ak fòs yo ye.

Evalyasyon lekòl yo gratis. Men, sa ki prive yo ka koute trè chè. Nan kèk ka, gen fason pou jwenn yo gratis oswa a yon pri ki ba. Inivèsite lokal yo souvan gen pwogram nan sikoloji ki gen klinik kote elèv yo fè fòmasyon yo.

Lopital ansèyman yo ka gen pwojè rechèch kote moun ka jwenn evalyasyon gratis. Learning Disabilities Association of America (LDA) (Asosyasyon Amerikèn pou Twoub Aprantisaj) gen chapit lokal nan chak eta. Yo ka anmezi pou ede w jwenn opsyon gratis oswa a pri ki ba.

- Pou edikatè: Aprann sou **akomodasyon ki komen nan salklas la** pou elèv ki gen disleksi.
- Pou granmoun: Aprann sou **kijan yo dyagnostike disleksi apre lekòl segondè**.
- Pou fanmi yo: Aprann **kijan pou mande yon evalyasyon lekòl** oswa yon **evalyasyon prive**.

Otè a

Ekip Understood la gen ladan l ekriyen ak editè pasyone. Anpil nan yo gen timoun ki aprann e ki panse yon fason diferan.

Revizè a

Guinevere Eden, PhD, se yon pwofesè nan Georgetown University ak direktè Sant pou Etid Aprantisaj li a.